



Règleman Chanselye a (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-210

Sijè: NÒM POU PREZANS NAN PWOGRAM

Kategori: ELÈV

Piblikasyon: 18 jen 2026

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-210 ki gen dat 28 septanm 2017.

Chanjman:

- Retire referans ki ekspire nan sant sipò sou teren (Field Support Centers, FSCs).
- Ranplase referans ki nan biwo sekirite ak fòmasyon jèn (Office of Safety and Youth Development) avèk biwo sipò kominote ak byennèt (Office of Community Supports and Wellness), sa ki konsistan avèk estrikti òganizasyon yo.
- Idantifye ATS, OASIS, oswa nenpòt sistèm ki vin ranplase yo kòm sistèm dosye pou dosye prezans.

Seksyon I. Lwa sou prezans

- Klarifye kondisyon prezans nan lekòl konsistan ak lwa edikasyon, paragraf § 3205, tankou fè distenksyon ant elèv ki gen dwa pou ale lekòl ak sa yo ki oblije ale lekòl.
- Klarifye yo aplike kondisyon regleman yo pou elèv ki nan pwogram Pre-K ak 3-K DOE ap dirije lè paran chwazi ale ladan yo.

Seksyon II. Responsablite pou sèvis prezans

- Mete ajou ak klarifye wòl ak responsablite kowòdonatè reprezantan prezans distri a, tankou responsablite yo pou kontwòl done prezans.

Seksyon III. Nòm pwogram prezans pou lekòl

- Mete ajou kondisyon pou lekòl pataje regleman prezans yo ak estaf la, elèv ak paran nan dat 31 oktòb chak ane lekòl pou pi ta epi bay yon fòm.
- Mete ajou ak klarifye kondisyon pou dokimante prezans, tankou.
 - Klarifye aplikasyon itilizasyon prezans elektwonik fèy papye yo eskane
 - Pèmèt yo jete fèy papye ki eskane an sekirite
 - Bay dokiman sou rejis dosye prezans pandan sis ane.
- Klarifye atant konsènan responsablite lekòl pou konnen rezon ki fè elèv absan ak pou dokimante rezon yo nan ILOG avèk kòd rezon yo.
- Eksplike sa ki rele absans kwonik ak ris absans kwonik.

- Bay egzantp entèvansyon ak sipò pou redui absans kwonik.
- Mete ajou responsablite kowòdonatè prezans ak komite prezans yo.
- Mete ajou kondisyon pou fè motivasyon paran, tankou metdòd prensipal ak metòd segondè pou motivasyon ak kreyasyon plan siksè prezans pou elèv ki gen absans kwonik.

Seksyon IV. Envestigasyon rezon absans ak sistèm kontwòl fòm 407

- Mete ajou pwosesis pou fè investigasyon fòm 407, tankou konsiderasyon difikilte pou prezans, disponiblite resous pou sipòte elèv pou retounen lekòl ak kreyasyon plan siksè pou prezans.
- Klarifye kondisyon pou dokimantasyon

Seksyon V. Pwosedi pou rapòte movetretman sou baz neglijans nan edikasyon

- Retire eleman espesifik pou detèmine koz rezonab pou sispèk move tretman dapre neglijans edikasyon epi gade CR A-750.
- Ensiste pou di absans kwonik pa an limenm yon koz rezonab pou sispèk neglijans/move tretman nan edikasyon.

Seksyon VI. Netwayaj rejis lekòl pou mete l ajou

- Egzije yon investigasyon sou adrès ki manke, ki dokimante nan ILOG, lè yo pa konnen kote yon elèv ye.



Règleman Chanselye a

Nimewo: A-210

Sijè: NÒM POU PREZANS NAN PWOGRAM

Kategori: ELÈV Pibliye: 18

jen 2026

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) A-210 ki gen dat (28 septanm 2017). Kontwòl ak suivi sou prezans ak absans kwonik se yonn nan responsablite ki pi enpòtan Lekòl Leta Vil Nouyòk piske li gen rapò avèk sekirite, byennèt ak siksè akademik elèv nan Vil Nouyòk. Règleman sa a fikse nòm pou pwogram prezans nan lekòl, tankou kondisyon pou satisfè egzijans sou prezans ete epi li tabli règleman pou sèvis prezans nan lekòl, pwosedi pou rapòte prezans ak fè suivi.

I. LWA SOU PREZANS

- A. Chak timoun minè ki gen laj an 5 ak 17 ane nan Vil Nouyòk gen obligasyon pou respekte egzijans sa yo konsènan prezans nan lekòl.
 1. Timoun ki vin gen laj 5 ane avan oswa 31 desanm nan ane lekòl la kapab enskri nan kindergarten nan kòmansman ane lekòl sa a.
 2. Timoun ki vin gen laj 6 ane avan oswa 31 desanm nan ane lekòl la oblije ale lekòl nan kòmansman ane lekòl sa a. Elèv sa yo dwe enskri nan premye ane, menmsi yo te nan kindergarden nan ane lekòl avan an.
 3. Elèv ki gen 17 an nan oswa apre 1ye jiyè oblije ale nan ansèyman aplentan jiska fen ane lekòl kote elèv la vin gen 17 an.
 4. Elèv ki nan pwogram Pre-K ak 3-K DOE ap dirije pa legalman oblije ale lekòl. Si paran an¹ chwazi enskri pitit li nan pwogram sa a, kondisyon règleman sa a ap aplike.
- B. Men eksepsyon ki genyen sou kondisyon laj pou prezans:
 1. Elèv ki gradye nan lekòl segondè avan yo gen laj obligatwa pou yo ta toujou lekòl la jan yo di sa nan Seksyon I.A.3; oswa

¹ Tèm paran, jan yo itilize paran nan règleman sa a vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyon paran gen ladan: paran biyolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, moun ki gen responsablite legal, paran nan fwaye akèy (foster parent) ak "moun ki reprezante paran" yon timoun ki nan yon lekòl oswa jan yo defini li nan règleman Chanselye A-101 a. Tèm moun ki reprezante paran an fè referans avèk yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan.

2. Elèv ki gen laj 16 oswa 17 ane ki gen yon sètifika pou anplwa applantan.

II. RESPONSABILITE POU SÈVIS PREZANS

- A. Chanselye a responsab pou etabli nòm pou règleman ak pwosedi prezans nan lekòl epi pou pibliye enstriksyon ki gen rapò avèk pwoblèm prezans ak sèvis sipò.
- B. Direktè lekòl yo responsab pou asire règleman ak pwosedi prezans lekòl yo a satisfè estanda pou sèvis prezans, jan kritè eta a egzije sa ak jan règleman sa a ak lòt prensip Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) egzije sa. Sa gen ladan apwouve yon plan prezans anyèl, asire dosye prezans ki presi, nome yon kowòdonatè prezans nan lekòl la ak sipèvize kowòdonatè prezans lan ak komite prezans lan, jan yo di l nan Seksyon III.
- C. Anba sipèvizyon Sipèentandan an, kowòdonatè prezans distri a (District Attendance Coordinator, DAC) oswa moun li chwazi pou prezans lan responsab pou bay lekòl yo sipò ak asistans pou asire yo satisfè kondisyon pwogram prezans lan. Sa gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò:
 1. ede lekòl yo nan devlopman ak fè revizyon nan règleman ak pwosedi prezans ki pral pèmèt yo aplike efektivman kontwòl prezans, kontak paran, fè suivi ak jwenn sèvis sipò.
 2. fasilite fòmasyon pou estaf lekòl ak distri ki fè pati aplikasyon règleman ak sipò prezans, pami yo pwofesè pou prezans, kowòdonatè prezans, direktè, asistan direktè, konseye pedagogik, estaf pou sipò, sekretè pou jesyon elèv, asistan fanmi ak parapwofesyonèl ak manm komite pou prezans; epi
 3. siveye done prezans yo.

III. NÒM PWOGRAM PREZANS POU LEKÒL YO

- A. Règleman ak plan pou prezans anyèl: Lekòl yo dwe devlope règleman ak pwosedi pou prezans ki fèt pou asire prezans regilye epi ki konsidere objektif ak responsablite ki gen rapò avèk prezans tankou kenbe bon dosye prezans pou elèv; kontwole abitud ki gen nan reta ak absans elèv; epi itilize estrateji entèvansyon ki efikas pou diminye absans kwonik epi amelyore prezans nan tout lekòl la. Nan dat 31 oktòb chak ane pou pi ta, chak lekòl oblije voye yon plan prezans anyèl kòm yon eleman plan konbine Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn (Office of Safety and Youth Development, OSYD). Plan an dwe dekri kòman lekòl yo aplike règleman ak pwosedi sou prezans yo a. Sonje: Jiskaske Sipèentandan an fin revize epi apwouve plan prezans lekòl yo dapre pwosesis OSYD mande a, plan prezans lekòl yo te genyen pou ane lekòl avan an ap rete anvigè.
- B. Piblikasyon regleman sou prezans yo: Lekòl dwe kominike règleman prezans yo bay estaf yo, elèv yo ak paran yo chak ane pou pita 31 oktòb. Lekòl yo ka itilize [modèl](#) sa a pou kominike règleman prezans yo bayestaf yo, elèv yo ak fanmi yo.
- C. Dokimante prezans: Yo dwe anrejistre prezans chak jou elèv yo nan Automate the Schools (“ATS”), OASIS, oswa nenpòt sistèm ki ranplase yo epi yo chwazi kòm sistèm ofisyèl pou anrejistre prezans chak jou. Nan klas 9yèm–12yèm ane ak nan

lekòl ki òganize an depatman (yon lekòl ki òganize selon depatman matyè akademik), yo dwe dokimante prezans tou pou chak peryòd yo pwograme enstriksyon, nan ATS oswa OASIS, oswa yon lòt metòd dokimantasyon, dapre pwosedi ki defini nan plan prezans lekòl la. Pwofesè yo responsab pou asire yo kenbe dosye prezans ki presi pou chak elèv nan rejis. Yo dwe voye prezans ale swa pa fèy papye yo eskanè oswa atravè aplikasyon prezans elektwonik la epi pwofesè a dwe siyen li. Tout fèy papye yo eskane dwe antre nan aplikasyon prezans elektwonik la. Depi yo fin eskane, yo ka jete fèy papye yo eskane yo lè yo chire yo byen oswa detwi fèy papye yo yon lòt fason pou asire yo detwi enfòmasyon konfidansyèl yo. Yo dwe konsève tout dosye prezans yo pou sis ane. Se sèlman moun ki te anrejistre epi valide prezans lan nan kòmansman ki ka fè modifikasyon nan dosye prezans yo—sou fèy papye yo eskane voye ale oswa voye elektwonik. Si yo fè chanjman sou yon fèy papye yo eskane, menm moun sa a dwe mete inisyal li sou li. Yo dwe dokimante tout lòt chanjman prezans sou Fòm chanjman nan prezans (Change of Attendance Form) lan oswa nan dosye ki menm avèk li epi mete l nan ATS oswa OASIS. Yo dwe kenbe fèy prezans yo ak lòt fòm dokiman prezans yo nan dosye lekòl la pou omwen sis ane apati lè yo fè dosye yo. Direktye yo dwe mete dosye sa yo disponib pou moun ki gen otorizasyon revize, enspekte oswa verifye yo dapre lalwa ki aplikab.

1. Dokimante rezon absans: Lekòl yo dwe suiv pwosedi ki nan dokiman sa a ansanm avèk sa ki nan plan prezans lekòl la pou konnen rezon absans elèv yo epi yo dwe anrejistre rezon sa yo nan ILOG lè l sèvi avèk kòd rezon. Yo konsidere yon elèv prezan pou jounen an si elèv la patisipe nan omwen yon peryòd enstriksyon. Règleman lekòl la dwe defini tip absans ki ka motive ak sa ki pa ka motive epi yo dwe idantifye, kolekte ak kenbe dokiman ki pou jistifye l.
 2. Dokimante reta/Kite lekòl avan lè: Règleman lekòl la dwe defini sa ki se rive anreta ak depa avan lè epi ki rive reta ak depa avan lè ki motive ak pa motive. Lekòl yo dwe kenbe dosye reta ak depa avan lè yo nan ATS/OASIS dapre règleman lekòl la defini. Yon elèv ki anreta oswa ki kite avan lè, yo dwe konsidere l kòm prezan pou jounen lekòl la si elèv la patisipe nan omwen yon peryòd enstriksyon. Reta oswa depa avan lè ki rive souvan oswa ki pa motive egzije menm pwosedi suivi ak entèvansyon ak absans.
 3. Akomodasyon pou rezon relijyon: Lekòl yo dwe suiv CR A-630 (Akomodasyon relijye pou elèv) pou dokimante depa avan lè ak absans ki pa motive akòz fèt relijyez.
- D. Asire prezans regilye elèv: Lekòl yo dwe mete ak kenbe yon pou rekonèt abidit ki genyen nan absans elèv. Yon elèv ki gen yon pousantaj prezans 90% oswa mwens se yon elèv ki gen absans kwonik. Yon elèv gen risk pou l absan souvan lè pousantaj prezans li ant 91-93%. Lekòl dwe etabli epi aplike entèvansyon espesifik pou diminye kantite elèv ki absan souvan ak/oswa ki bezwen sipò, tankou moun k ap bay ankadreman pou sikse (Success Mentors), aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm, sipò sante mantal, referans pou sèvis sipò, yon gwoup elèv k ap mache ansanm avèk yon adilt (walking school bus), etc.

- E. Kowòdonatè prezans: Nan chak lekòl, direktè a dwe nome yon kowòdonatè prezans, ki fèt pou se yon administratè oswa yon pedagòg. Kowòdonatè prezans lan se responsab pou fonksyònman jeneral pwogram prezans lekòl la, sou sipèvizyon direktè a/reprezantan l. Sa gen ladan l, men se pa sa sèlman: asire yo byen anrejistre dosye prezans chak elèv, tout dokiman yo byen siyen epi yo disponib pou revizyon, yo kontakte paran lè yon elèv sofsi yo gentan konnen rezon absans la, antre kòd rezon pou absans yo; kontakte paran epi mete entèvansyon yo nan ILOG; tout dokiman ki gen rapò avèk prezans yo byen klase; epi yo suiv tout pwosedi fòm 407 yo, jan yo espesifye nan Seksyon IV.
- F. Komite prezans: Chak lekòl dwe gen yon Koomintè prezans ki gen ladan estaf lekòl la, tankou pwofesè, administratè, pwofesè prezans ak konseye pedagogik, ak lòt moun ankò. Komite prezans lan responsab pou fè reyinyon pou ekip prezans chak semèn, lè l sèvi avèk sistèm done NYCPS ak etid dosye pou idantifye epi rezoud rezon oswa obstak ki lakòz reta ak absans pou amelyore règleman ak pwosedi prezans. Komite prezans yo responsab tou pou siveye kòd rezon, kontakte paran, ak entèvansyon yo antre nan ILOG pou absans elèv yo.
- G. Estaf ki la pou ede elèv vin lekòl (School Avoidance Liaison): Chak lekòl dwe chwazi yon manm estaf pou sèvi kòm resous ki baze nan lekòl la pou pwoblèm ki gen rapò avèk konpòtman pou evite lekòl. Manm estaf sa a dwe se yon pedagòg, administratè lekòl, konseye pedagogik, oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la aplentan. Estaf ki la pou ede elèv vin lekòl la dwe yon manm komite prezans lan epi li dwe resevwa fòmasyon sou fason pou evite lekòl.
- H. Kontakte paran: Lekòl dwe kontakte paran yo chak jou yon elèv absan pou detèmine rezon absans san eksplikasyon timoun lan. Yo dwe fè tout efò pou kontakte paran yo depi premye jou yon elèv absan.
- Prensipal metòd pou kontakte paran se apèl telefonik pèsònèl. Lekòl yo dwe kenbe kominikasyon avèk paran yo pou yo ka devlope ak aplike mezi pou asire prezans regilye epi efò pou kontakte paran yo dwe kontinye jiskaske pwoblèm prezans lan rezoud. Anplis metòd prensipal pou kontakte paran yo nan premye jou absans lan, yo dwe aplike dezyèm metòd pou kontakte paran yo jan sa apwopriye, tankou voye lèt lakay, apèl oswa konferans pèsònalize pou adrese rezon absans lan, kominikasyon atravè sistèm kominikasyon elektwonik lekòl la (pa egzanp: imèl, tèks, oswa oswa anons nan aplikasyon), ak/oswa vizit lakay. Pou elèv ki absan souvan, lekòl yo dwe travay avèk paran yo ak elèv yo pou kreye plan siksè prezans pou idantifye obstak ki anpeche prezans epi kreye estrateji ak objektif pou anpeche absans alavni. Yo dwe anrejistre tout efò pou kontakte paran ak entèvansyon yo nan sistèm ILOG ki nan ATS/OASIS. Lekòl yo responsab pou fè mizajou nan enfòmasyon paran ak enfòmasyon sou fason pou kontakte paran yo lè gen ijans (adrès ak nimewo telefòn) nan ATS/OASIS.
- I. Kontwòl prezans elèv lekòl primè ak presegondè ki ki gen enkyetid nan byennèt timoun. Direktè/reprezantan l oswa kowòdonatè prezans lan responsab pou asire estaf la kontwòl prezans elèv li ki gen enkyetid nan byennèt timoun chak jou epi pran bon jan mezi pou rezoud pwoblèm absans ki pa motive pou elèv sa yo dapre

règleman Chanselye A-750 pwotokòl repons ak plizyè nivo (Tiered Response Protocol) ak aplikasyon gid Chanselye a pibliye a. Pou objektif règleman sa a, yon elèv NYCPS ki nan sistèm adopsyon ak/oswa yon elèv NYCPS ki nonmen nan yon rapò sou abi oswa move tretman yo sispèk sou timoun ki fèt nan Rejis Santral Eta a (State Central Register, SCR) ki sou investigasyon oswa ki te sou investigasyon Administrasyon Sèvis pou Timoun (Administration of Children's Services, ACS) la dènyèman oswa ki gen fanmi ki anba Sipèvizyon Tribinal la, yo refere li kòm yon elèv ki gen enkyetid sou byennèt timoun. Sipèvize elèv ki gen byennèt yo menase egziye pou kontakte paran menm jou a pou chak absans epi motivasyon sa a dwe fèt atravè apèl telefòn pèsònèl. Yo pa ka itilize sistèm apèl otomatik (Automated calling systems) pou kontakte paran elèv ki gen enkyetid sou byennèt timoun.

IV. INVESTIGASYON REZON ABSANS AK SISTÈM KONTWÒL FÒM 407

- A. Suivi prezans ak fòm 407 la ak rekòmandasyon pou kontakte paran (yo rele l yon rekòmandasyon fòm 407 nan dokiman sa a) ak investigasyon prezans fòm 407 (yo rele l investigasyon fòm 407 nan dokiman sa a) se yon kontwòl prezans ak mezi entèvansyon elve ke yo dwe aplike pou elèv ki absan apre yo fin itilize suivi regilye ak pran mezi pou kontakte paran (paegzanp apèl nan jou absans lan), epi pa gen okenn kòd rezon absans ki enrejistre, jan sa endike nan seksyon sa a. Objektif yon investigasyon fòm 407 se pou idantifye rezon yon elèv absan, idantifye mezi ki apwopriye pou suivi epi fè elèv la retounen lekòl oswa lè sa apwopriye, fèmen dosye elèv la.
- B. Yo kreye yon rekòmandasyon fòm 407 nan ATS dapre sikonstans sa yo:
 1. Lè yon elèv absan lekòl pou 10 jou yonn apre lòt;
 2. Lè te gen yon investigasyon 407 deja pou yon elèv epi elèv sa a absan pou 8 jou yonn apre lòt oswa pou yon total 15 jou; oswa
 3. pou elèv ki nan pre-kindergarten rive klas 8yèm ane, lè yon elèv absan pou yon total 20 jou nan yon peryòd kat mwa.
- C. Si yo pa rive idantifye rezon absans elèv la nan moman yo kreye rekòmandasyon fòm 407 la nan ATS, jan yo di sa nan Seksyon IV.B, yo dwe fè yon investigasyon fòm 407. Pou tout investigasyon fòm 407, lekòl yo dwe enrejistre tout enfòmasyon, efò pou kontakte paran ak entèvansyon lè yo itilize ILOG nan ATS/OASIS la. Malgre nòt entèvansyon yo ka ekri dirèkteman sou fòm 407 la, yo dwe antre tout nòt entèvansyon ak sipò yo bay yo nan ILOG.
- D. Si yo konnen rezon absans lan epi yo te bay yon kòd rezon, yon investigasyon 407 ka pa nesesè. Yo ka fèmen fòm 407 la oswa kite li ouvè avèk asiyasyon Kòd Kòmantè 407 ki apwopriye a.
- E. Lè yo fè yon ankèt sou fòm 407 la, lekòl yo dwe konsidere baryè ki anpeche elèv la retounen lekòl epi bay resous pou ede elèv la retounen lekòl. Pandan ankèt sou fòm 407 la, lekòl yo ta dwe travay avèk paran ak elèv yo pou kreye plan siksè pou elèv yo ka idantifye baryè ki anpeche elèv yo ale lekòl epi kreye estrateji ak objektif pou anpeche absans alavni. Si gen yon rezon valab pou neglijan nan edikasyon oswa lòt move tretman oswa abi yo sispèk sou timoun jan sa dekri nan Seksyon V, yo dwe rapòte sa dapre pwosedi ki tabli nan règleman Chanselye A-750 la epi anrejistre nan

ATS jan sa tabli pi ba a nan Seksyon IV.K.

Yo dwe anrejistre nòt pou kontakte paran ak entèvansyon yo nan ILOG. Nòt yo dwe adrese chak faktè ki fikse pi ba a.

1. Avi pou paran: efò lekòl la fè pou enfòmasyon paran an lè timoun lan absan. Yo dwe mete an plas metòd prensipal ak segondè pou kontakte paran an, jan sa apwopriye (gade Seksyon III.H).
 2. Wòl paran an: sa gen ladan l si lekòl la pa t rive kontakte paran an malgre efò yo te fè pou kontakte l; si paran an te refize oswa rejte demand lekòl la fè pou jwenn enfòmasyon ak pou ofri asistans; epi si paran an pa kapab bay yon eksplikasyon pou absans timoun lan.
 3. Wòl lekòl la: lè yo idantifye obstak ki anpeche elèv la vin lekòl, yo dwe anrejistre efò lekòl la pou re pran angajeman ankò epi sipòte elèv la ak fanmi an avèk resous.
 4. Lòt konsiderasyon: tankou si investigasyon sou rezon absans lan revele endikasyon oswa soulve abi oswa move tretman rezonab yo sispèk sou timoun.
- F. Yon referans fòm 407 jenere otomatikman nan ATS/OASIS, epi yo dwe fè yon investigasyon sou fòm 407 nan 20 jou lekòl apre yo fin ranvwaye yon elèv nan yon lekòl ki pa nan NYCPS san dokiman enskripsyon oswa 30 jou lekòl apre yo fin ranvwaye yon elèv kòm "pa konn adrès". Objektif investigasyon Fòm 407 sa a se pou asire deziyasyon "pa konn adrès" la toujou apwopriye epi/oswa pou detèmine si gen lòt enfòmasyon konsènan kote elèv la oswa fanmi an ye ki vin disponib.
- G. Yo ka jenere yon referans fòm 407 tou manyèlman epi yo ka fè yon investigasyon fòm 407 chak fwa direktè lekòl la/moun yo chwazi an detèmine mezi entèvansyon ki pi wo yo (pa egzanp, vizit lakay) nesèsè.
- H. Yon investigasyon fòm 407 fini lè yo konfime kote yon elèv ye epi/oswa lè yo idantifye pwoblèm ki anpeche l ale lekòl la. Lè investigasyon an fini, yo dwe antre yon kòd kòmmanchè ki dekri sitiyasyon elèv la nan ATS/OASIS la.
- I. Yo dwe fini tout ankèt fòm 407 pou elèv ki soti nan nivo pre-kindergarten rive nan klas 8yèm ane nan yon delè 10 jou. Si ankèt la pa ka fini nan 10 jou, kowòdonatè prezans lan ak/oswa direktè a dwe revize ka fòm 407 la. Objektif revizyon sa a se pou: detèmine si efò pou kontakte paran ak investigasyon yo te adrese faktè ki enpòtan yo, tankou faktè ki nan Seksyon IV.E jan sa aplikab; idantifye pwoblèm ki bloke rezolisyon an; epi detèmine aksyon oswa entèvansyon ki apwopriye a ki pral swa fè elèv la retounen lekòl oswa, kote sa apwopriye, revoke elèv la.
- J. Pou tout investigasyon yo, si yo pa ka konfime kote elèv la ye a epi/oswa si yo pa idantifye pwoblèm ki anpeche prezans lan onivo lekòl la, yo dwe remèt ka a bay yon pwofesè prezans NYCPS pou plis investigasyon. Responsab lekòl yo dwe kolabore avèk pwofesè prezans NYCPS k ap fè investigasyon prezans fòm 407 la epi bay aksè nan dosye elèv la, tankou dosye pèmanan ak dosye prezans elèv la ak lòt ankò.
- K. Tout dosye fòm 407 dwe rete ouvri epi kontak pou prezans lan dwe kontinye, dapre regleman ak pwosedi NYCPS, jiskaske yo rezoud. Yon ka fòm 407 rezoud lè elèv la retounen lekòl, lè yo retire chaj elèv la dapre pwosedi ak regleman NYCPS yo, oswa lè lekòl la antre yon kòd ki endike rezilta suivi a pou elèv yo retire chaj nan

sikonstans yo dekri nan Seksyon IV.F, lè lekòl la antre yon kòd ki endike rezilta suivi investigasyon an. Lè dosye fòm 407 la fin rezoud, yo dwe kòd rezolisyon an ak dat li fèmen nan ATS/OASIS epi ranpli fòm 407 la nan lekòl la pou yo ka fèmen l. Pou investigasyon fòm 407 ki pa ka fèmen, lekòl yo dwe antre yon kòd kòmantè nan ATS/OASIS ki endike sitiyaasyon elèv la oswa investigasyon an epi mete dosye ILOG elèv la ajou ak nòt investigasyon yo ak yon rezime rezilta yo.

- L. Pou tout investigasyon, si lekòl la oswa moun k ap fè investigasyon an gen bon rezon valab ki fè l sispèk gen neglijan nan edikasyon oswa nenpòt lòt fòm abi sou timoun oswa move tretman, lekòl la oswa moun k ap fè investigasyon an dwe fè yon rapò bay SCR, ki respektè tout pwosedi ki nan règleman Chanselye A-750, epi antre kòd ki apwopriye a nan ATS pou montre yo te fè rapò a bay SCR.

V. PWOSEDI POU RAPÒTE MOVETRETMAN SOU BAZ NEGLIJANS NAN EDIKASYON

- A. Yo dwe fè yon rapò pou neglijan nan edikasyon dapre kritè ak pwosedi ki nan règleman Chanselye A-750 nenpòt lè absans yon elèv ki gen laj pou li prezan obligatwaman lakoz rapòtè ki gen manda a nan bon dwa pou li sispèk tout bagay sa yo, si wi ou non yo te fè yon investigasyon fòm 407. Absans kwonik lekòl ki fèb, pa limenm yon koz rezonab pou sispèk move tretman/neglijan nan edikasyon menm si yo sispèk gen neglijan nan edikasyon ou pa, yo dwe fè yon rapò bay SCR chak fwa ofisyèl lekòl yo gen rezon valab pou sispèk abi oswa lòt fòm move tretman sou timoun, dapre règleman Chanselye A-750 la.
- B. Yo ta dwe voye tout kesyon konsènan abi sou timoun, neglijan nan edikasyon oswa lòt fòm move tretman ba kowòdonatè vil la, Pwogram pou Prevansyon Abi ak Neglijans (Child Abuse and Neglect Prevention Program (212-374-0805).

VI. NETWAYAJ REJIS LEKÒL POU METE L AJOU

Nan dat 31 oktòb chak ane, direktè a ansanm avèk kowòdonatè prezans lan, dwe devlope yon pwogram netwayaj rejis ki la pou chèche kote elèv la ye ak detèmine si l ap retounen lekòl la oswa fèmen dosye tout elèv ki sou lis lekòl la epi ki pa t kòmanse vin lekòl pou ane lekòl sa a. Lè yo pa konnen ki kote yon elèv ye, yo dwe fè yon investigasyon sou adrès ki manke epi prezante etap ak rezilta tout aksyon yo te pran pou lokalize fanmi an ki dokimante nan ILOG la.

VII. TRENING AK ÈD TEKNIK

Biwo sipò kominote ak byennèt (Office of Community Supports and Wellness) la bay fòmasyon, sipò teknik, ak asistans pou lekòl ak distri yo sou tout pwoblèm ki gen rapò avèk prezans.

VIII. DEMAND POU RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Community Supports and Wellness

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street

New York, NY 10007

attendance@schools.nyc.gov